

Tès Depistaj COVID-19

Nan kad **Angajman nou sou kesyon Swen Sekirite nou an**, nou fè tès lan se pou pwoteje w, fanmi ou, ak manm pèsònèl nou an. Yo fè tès COVID-19 pou pasyan ak vizitè yo plizyè fwa avan menm yo rantrè nan etablisman Massachusetts General Brigham yo.

Avan randevou ou an

Si w se yon **pasyan anbilatwa**, yo pral fè tès pou ou de oswa twa jou avan randevou ou an. Sa kapab rive yo mande pou ranpli yon fòm anliy nan anrejistreman elektwonik nan **Pòtay pou Pasyanan** oswa biwo doktè a kapab rele ou dirèk epi poze ou kesyon konsènan COVID-19.

Si w gen **sentòm ki gen rapò ak COVID-19 lan** oswa si w te fè tès oswa ou te gen kontak ak yon moun ki gen COVID-19 pandan 14 jou ki sot pase yo la, yo kapab replanifye randevou ou nan oswa ou kapab ale nan yon lòt etablisman medikal.

Si w gen yon **vizitè oswa yon reprezantan** ak ou, yo pral mande pou li fè tès COVID-19 an tou. Si vizitè ou an oswa reprezantan ou an gen sentòm ki ta ka sanble ak COVID-19 oswa te gen oswa gen kontak ak yon moun ki COVID-19 pandan 14 jou ki sot pase yo la, malerezman yo p ap kapab vini nan randevou an ak ou. N ap mande w pou w chèche yon lòt vizitè oswa reprezantan ki pou la ak ou oswa replanifye yon lòt randevou pou w ka rasire pasyan, vizitè, ak manm estaf nou yo rete an sekirite.

Jou randevou an

Nan jou randevou ou an, yo kapab fè yon tès COVID-19, selon ki fason biwo doktè ou an jere koze tès yo:

- anliy atravè **Massachusetts General Brigham zouti Tès Preliminè**,
- nan telefòn, oswa
- an pèsòn lè w rive

Biwo doktè ou an pral avèti ou ki fason yo pral fè tès COVID-19 lan pou ou. Si w gen yon **vizitè oswa yon reprezantan ak ou**, yo pral mande pou li fè tès COVID-19 an tou. Ou kapab fè sa anliy oswa pral fè sa nan moman yo rive ak ou an.

Mèsi paske w kolabore.

Mizajou 15 jen 2021